

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang

Bahan pangajaran maca pedaran ngeunaan kasenian mangrupa salasahiji bahan pangajaran nu aya di pangajaran Bahasa Sunda. Ieu pangajaran téh kudu ditepikeun ka siswa sacara gembleng. Ku kituna, perlu pisan ayana paktor-paktor pikeun ngahontal tujuan pangajaran maca pedaran ngeunaan kasenian, salah sahijina nya éta Sumber atawa media pangajaran. Dina pangajaran maca pedaran ngeunaan kasenian bisa diajarkeun ragam basa Sunda nu tumerap di masarakat.

Perluna pedaran kasenian pikeun siswa SMA nya éta sangkan peserta didik wanoh sarta mikanyaho kekecapan sarta nambahan kandaga kecap dina widang budaya umumna sarta hususna widang kasenian. Kurangna pedaran ngeunaan kasenian ngabalukarkeun kagiatan maca peserta didik SMA monoton sarta teu ngabogaan aspék mangpaat pikeun leuwih parigel dina maké basa jeung wanoh kana kekecapan anyar. Pedaran ngeunaan kasenian iwal ti nambahan kandaga kecap dina basa Sunda ogé boga maksud pikeun ngawanohkeun deui kasenian-kasenian nu aya di Jawa Barat umumna sarta hususna di wewengkonna séwang-sewangan. Ku kituna perlu loba pedaran ngeunaan kasenian sangkan siswa bisa leuwih parigel dina maké basa, kecap dina unggal paguneman sarta wanoh kana kasenian nu aya di wewengkonna.

Ngawanohkeun kecap dina pedaran kasenian teu sagemblengna dina hiji kalimah ngasupkeun kecap-kecap kasenian. Tapi ku cara méré istilah-istilah sarta dibarung ku kecap-kecap nu loma dipaké ku siswa. Dipiharep ti ayana sisipan istilah-istilah kasenian, siswa boga kereteg pikeun nalar harti ti istilah kasenian éta sangkan maksud ngawanohkeun istilah dina kasenian kahontal.

Ti dinya, panyusun boga maksud pikeun ngaguar sarta nalungtik istilah-istilah nu di paké dina kasenian nu aya di Kabupatén Bogor nya éta kasenian Jigprak. Panalungtikan ngeunaan istilah-istilah nu aya patalina jeung kasenian sabenerna mah geus aya nu nalungtik. Tapi nu nalungtik ngeunaan istilah dina

kasenian Jigprak masih kénéh can aya. Sababaraha panalungtikan ngeunaan istilah-istilah nu aya patalina jeung kasenian nya éta “Istilah-istilah dina Kasenian Penca Silat Panglipur di Kalurahan Balééndah Kabupatén Bandung pikeun Salah Sahiji Alternatif Bahan Ajar Maca Bahasan Kasenian di SMA Kelas XII” nu ditalungtik ku (Dini Anggriani, 2009), “Istilah-istilah dina Kasenian Celempungan di Kacamatan Pamulihan Kabupatén Sumedang pikeun Bahan Pangajaran Ngaregepkeun di SMP” ditalungtik ku (Evi Lisniawati, 2008) jeung “Istilah Tatanén Ngahuma di Desa Bencoy Kecamatan Cireunghas Sukabumi pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMA Kelas XII” nu ditalungtik ku (Yuli Siti Rahmawati, 2010). Tina sababaraha panalungtikan di luhur can aya nu nalungtik lewih husus ngeunaan istilah dina kasenian Jigprak, sarta can aya nu matalikeun jeung bahan pangajaran maca pedaran ngeunaan kasenian, sanajan aya hiji panalungtikan nu matalikeun istilah dina kasenian jeung bahan pangajaran nya éta “Istilah-istilah dina Kasenian Penca Silat Panglipur di Kalurahan Balééndah Kabupatén Bandung pikeun Salah Sahiji Alternatif Bahan Ajar Maca Bahasan Kasenian di SMA Kelas XII” nu ditalungtik ku (Dini Anggriani, 2009).

Dumasar kana Standar Kompetensi jeung Kompetensi Dasar (SKKD) Basa Sunda taun 2006 di SMA kelas XII diajarkeun perkara maca pedaran ngeunaan kasenian. Maca nya éta salah sahiji aspék dina kaparigelan basa nu gunana pikeun narima informasi tinulis. Peran guru jeung siswa dina prosés pangajaran kacida pentingna. Guru salaku subyék dina prosés pangajaran boga peran jeung pungsi dina ngirut siswa sangkan mikareueus, ngariksa, sarta ngamumulé kabudayaan, nu tujuanana sangkan siswa mibanda sikep nu positif. Salian ti éta tujuan pangajaran bisa kahontal lamun guru parigel milih bahan pangajaran, parigel milih jeung nganalisis buku sumber nu luyu jeung tujuan pangajaran, jeung guru bisa nangtukeun tingkat kamampuh siswa luyu jeung waktu nu disadiakeun.

Dua paktor nu sahenteuna bisa ngarojong kana prosés diajar ngajar basa Sunda, nya éta (1) paktor internal, nya éta paktor kamampuh jeung poténsi sarta rupaning usaha nu dilakonon ku siswa, (2) paktor éksternal, nya éta paktor nu aya di sabudeureun diri siswa kayaning lingkungan kulawarga, sakola, jeung lingkungan sosial budaya. Paktor éksternal ngawengku kabiasaan hirup masarakat

(adat istiadat), pola pikir masarakat, jeung média informasi nu sumebar di masarakat. Préstasi diajar basa Sunda bakal hadé saupama dua paktor éta bisa dimangpaatkeun sacara optimal, boh ku siswana sorangan boh dibantuan ku guru. Paktor internal bakal leuwih hadé saupama dimangfaatkeun kalawan bantuan guru salaku pangaping dina prosés diajar ngajar. Ku kituna, ieu paktor téh baris dijadikeun tatapakan panalungtikan.

Siswa SMA nu kiwari beuki heureut nu hayang nyaho ditambah lingkungan hirupna teu ngarojong kana nambahna kandaga kecap dina basa Sunda ngabalukarkeun lobana siswa nu teu apal kekecapan dina basa Sunda. Ku kituna sangkan siswa leuwih mikanyaho kana istilah kasenian, dijieun ieu panalungtikan ngaliwatan panalungtikan ka padépokan kasenian.

Ti dinya, panyusun ngarasa perlu nyieun pedaran ngeunaan kasenian nu teu acan dipikawanoh ku masarakat Jawa Barat nya éta kasenian Jigprak. Pedaran baris medar ngeunaan istilah-istilah pikeun ngaronjatkeun kamampuh maca siswa SMA kelas XII.

Dumasar kana pedaran di luhur, ieu panalungtikan di judulan “*Istilah-istilah dina Kasenian Jigprak di Desa Situ Ilir Kecamatan Cibungbulang Bogor Pikeun Bahan Pangajaran Maca Pedaran Ngeunaan Kasenian di SMA Kelas XII*”

1.2 Watesan Masalah jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Sangkan puguh garapeunana, ieu panaluntikan perlu diwatesanan. Watesan dina ieu panalungtikan nya éta medar ngeunaan istilah-istilah nu nyangkaruk dina kasenian Jigprak di desa Situ Ilir Kecamatan Cibungbulang Bogor. Hal-hal nu baris ditalungtik nya éta ngadeskripsikeun kasenian Jigprak, istilah dituturkeun hartina, sarta nyusun bahan pangajaran ngeunaan istilah-istilah dina kasenian Jigprak.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah sarta kasang tukang di luhur, ieu panalungtikan téh miboga sawatara masalah nu kudu dirumuskeun. Masalah nu baris ditalungtik dirumuskeun dina wangun patalékan ieu di handap.

- 1) Kumaha prak-prakan kasenian Jigprak di desa Situ Ilir Kecamatan Cibungbulang Bogor?
- 2) Kumaha papasingan istilah dina kasenian Jigprak di desa Situ Ilir Kecamatan Cibungbulang Bogor dumasar kana hartina?
- 3) Kumaha istilah-istilah dina kasenian Jigprak di desa Situ Ilir Kecamatan Cibungbulang Bogor pikeun bahan pangajaran maca pedaran ngeunaan kasenian?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Luyu jeung masalah nu dipedar, ieu panalungtikan ngabogaan tujuan nu baris dihontal, nya éta tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum ieu panalungtikan nya éta pikeun maluruh ngeunaan istilah-istilah nu nyangkaruk dina kasenian Jigprak di desa Situ Ilir Kecamatan Cibungbulang – Kabupaten Bogor pikeun bahan pangajaran maca di SMA kelas XII. Ku kituna, urang kudu maluruh heula proses kasenian Jigprak ti mimiti nepi ka dipungkasna kasenian Jigprak.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus, ieu panalungtikan miboga tujuan nu hayang dihontal, nya éta ngadeskripsikeun:

- 1) Prosés kasenian Jigprak di desa Situ Ilir Kecamatan Cibungbulang Bogor ti mimiti nepi ka ditutup.

- 2) Papasingan istilah dumasar hartina dina kasenian Jigprak di desa Situ Ilir Kecamatan Cibungbulang Bogor.
- 3) Nyieun rarancang bahan pangajaran maca istilah kasenian Jigprak di desa Situ Ilir Kecamatan Cibungbulang Bogor pikeun pangajaran basa Sunda di SMA.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat nu dipiharep tina ieu panalungtikan téh di antarana mangpaat nu sipatna tioritis jeung sipatna praktis, nu baris ditataan saperti ieu dihandap:

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Mangpaat tioritis tina ieu panalungtikan nya éta sangkan bisa méré sumbangan pikeun sistem pangajaran dina widang kasenian jeung basa, hususna ngeunaan istilah kasenian dina pangajaran maca basa jeung sastra Sunda.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Ieu panalungtikan dipiharep miboga mangpaat praktis pikeun masarakat, hususna pikeun nu nalungtik, guru, jeung siswa. Sarta bisa nambahan pangaweruh dina mekarkeun bahan ajar basa Sunda ku cara ngagunakeun istilah kasenian pikeun bahan ajar maca.

1.5 Raraga Nulis

Raraga nulis ieu skripsi, nya éta:

- 1) Eusi BAB I Bubuka ngawengku ngeunaan kasang tukang masalah, watesan sarta rumusan masalah, tujuan nu rék dihontal dina panalungtikan, mangpaat panalungtikan, dipungkas ku raraga nulis.
- 2) Eusi BAB II Tiori ngawengku ngeunaan tiori nu baris dipaké dina ngadéskriptifkeun ngeunaan istilah, kasenian jeung pangajaran.

- 3) Eusi BAB III Metodologi Panalungtikan ngawengku ngeunaan métodologi nu dipaké di ieu panalungtikan ngawengku kana lokasi panalungtikan, sumber data, desain panalungtikan, wangenan operasional, instrumén panalungtikan jeung téhnik panalungtikan.
- 4) Eusi BAB IV ngawengku déskripsi hasil panalungtikan. Eusina medar ngeunaan hasil obsérvasi, kajian pustaka jeung wawancara sarta saluyu heunteuna pikeun pangajaran.
- 5) Eusi BAB V Kacindekan jeung Saran ngawengku kana kacindekan panalungtikan jeung saran.